

**Abi sou timoun se domaj fizik, seksyèl, emosyonèl oswa risk domaj ki pa fèt nan aksidan sou yon timoun ki gen mwens pase 18 lane ki gen kòm lòtè yon paran oswa yon lòt moun ki aji kòm yon responsab swen.**

**Neglijans rive lè yon paran oswa yon responsab swen fè espere pa bay yon sipèvizyon apwopriye pou yon timoun oswa pa ba li manje, rad,abri, edikasyon oswa swen medikal kòm sadwa, alòske yo jwenn èd finansye pou yo fè sa oswa yo gen mwayen pou fè l.**



**#BridgetheGap**

## **ANPECHE ABI SOU TIMOUN**

**Asire koneksyon sosyal yo. Tcheke epi ofri soutyen bay fanmi ou konnen:**

- ki gen tibebe ak jenn timoun
- ki gen timoun ki gen bezwen espesyal
- ki gen yon antesedan abi sibstans
- ki anba estrès ekstrèm akòz chomaj, ensekirite alimantè oswa enstabilite nan lojman
- ki gen yon antesedan vyolans
- ki gen yon antesedan maladi mantal

**Remake siy yo. Timoun yo ki sibi abi oswa neglijans gendwa:**

- fèmen sou yo menm – difisil pou angaje
- gen blese vizib, (mal esplike) san rezon/ki pa trete
- tranble lè li tande son responsab swen(yo) k ap pale/ap mache
- toujou gen move ijyèn
- rate lekòl (sou entènèt) oswa randevou souvan
- sanble grangou oswa mal nourri
- gen konesans seksyèl ak nan fè sèks nan yon laj trè jèn
- pale apwopo sove kite kay la epi fè plan pou sa

**Timoun yo andanje, chak jou.**

**Rapòte Soupson Abi Sou Timoun nan 1-877-652-2873.**